



ADMINISTRATION FOR  
**CHILDREN & FAMILIES**

Office of Refugee Resettlement | 330 C Street, S.W., Washington, DC 20201  
[www.acf.hhs.gov/programs/orr](http://www.acf.hhs.gov/programs/orr)

## **Liy sèvis asistans pou abi seksyèl UC (1-855-232-5393)**

Rele Liy asistans pou Abi Seksyèl UC an nan 1-855-232-5393 si ou se yon timoun ki pa akonpaye, yon manm fanmi, esponsò, yon founisè sèvis legal, yon defansè timoun oswa nenpòt lòt moun ki gen konesans oswa soupson abi oswa arasman seksyèl k ap fèt oswa ki te fèt kay yon founisè swen k ap fonksyone nan non Biwo pou Reyentalasyon Refijye (ORR), Administrasyon pou Timoun ak Fanmi, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, HHS).

Grasa rezo founisè swen li yo, ORR pran swen timoun ki pa akonpaye yo ki antre Etazini san yo pa gen yon paran oswa gadyen legal epi san yo pa gen sitiyasyon imigrasyon legal apre Depatman Sekirite Enteryè Ameriken an te arete yo epi te refere yo bay ORR.

ORR ak founisè swen li yo k ap sèvi timoun ki pa akonpaye yo gen yon politik zewo tolerans pou abi seksyèl ak arasman seksyèl. Nenpòt moun ki gen konesans oswa soupson abi seksyèl oswa arasman seksyèl k ap fèt oswa ki te fèt nan yon etablisman founisè swen dwe rele Liy asistans pou Abi Seksyèl UC nan 1-855-232-5393.

Liy asistans pou Abi Seksyèl UC an rapòte, selon bezwen yo, nenpòt akizasyon yo resevwa dirèkteman nan men nenpòt timoun oswa yon lòt pati ba Sèvis Pwoteksyon Timoun Eta a (CPS), fòsdelòd lokal yo, ak HHS. HHS voye chak rapò liy asistans bay founisè swen ki apwopriye a, ki asire ke tout timoun ak jèn yo an sekirite epi yo ba yo sèvis ki apwopriye yo e ke yo te soumèt tout rapò ki nesèsè yo.

Liy asistans lan konekte avèk reprezantan andirèk ki pale de lang an Anglè ak Panyòl epi ki gen eksperyans nan fè entèvyou avèk minè yo. Y ap bay tradiktè pou tout lòt lang yo. Moun yo ka rapòte yon fason anonim si yo vle.